



Enfòmasyon sou Itilizasyon Dlo Bouch Ensandi ak Enstriksyon sou Aplikasyon pou Pèmi

Pèmi pou Itilize Dlo Bouch Ensandi yo obligatwa lè dlo a nesesè pou yon pwojè epi pa gen lòt sous dlo ki disponib pou itilize. Pa egzanp, yon jaden kominotè ki an règ avèk NYC Parks' GreenThumb ka aplike pou yon Pèmi pou Itilize Dlo Bouch Ensandi pou wouze plant nan jaden an. Kontraktè yo, konstriktè yo, kèk biznis, ak pwodiktè evènman yo ka aplike tou pou kalite pèmi sa a.

Fason pou Soumèt Aplikasyon W Lan

Sou Entènèt:

Ranpli Aplikasyon Pèmi pou Itilize Dlo Bouch Ensandi a epi voye li pa imèl sou fòm PDF nan QueensPermits@dep.nyc.gov (imèl sa ap sèvi pou tout minisipalite yo). Tanpri bay omwen 14 jou ouvrab pou yo travay sou dosye a. Depi yo apwouve pèmi w la epi yo resevwa peman an, yo pral voye pèmi w la ba ou pa imèl epi y ap voye yon kopi papye ba ou nan Sèvis Lapòs Etazini (USPS).

Fas-a-Fas:

Rele biwo sèvis pou konsomatè Department of Environmental Protection, DEP lokal ou an pou pran yon randevou. Ou dwe gen yon randevou epi mete yon mask oswa pwoteksyon figi pou antre nan biwo sèvis pou konsomatè nou yo. Nou pa aksepte vizit san randevou nan moman sa a. Asire w vini ak aplikasyon ou ranpli a nan randevou an.

Bronx 718-466-8481	Manhattan 212-643-2201	Staten Island 718-876-6802
Brooklyn 718-923-2629	Queens 718-595-3258	

Frè pou Itilizasyon Dlo

\$55 dola pa mwa + \$13.50 dola pa jou. Fòk ou peye anvan pou yo ba ou pèmi an.
(*jaden kominotè yo pa ladan*)

Aparèy Rediksyon Zòn Presyon (Reduced Pressure Zone Devices , RPZ yo)

Yo dwe itilize nenpòt koneksyon ak yon bouch ensandi ansanm avèk yon Aparèy Rediksyon Zòn Presyon (RPZ) pou anpeche apwovizyonman dlo a kontamine. Ou kapab achte RPZ yo nan yon magazen kote yo vann materyèl plonbri.

Jaden kominotè yo ka mande pou yo itilize youn nan RPZ Depatman Pwoteksyon Anviwònman yo lè w ap soumèt pèmi w lan pa imèl oswa pandan randevou w lan (*gade enstriksyon yo pi wo a*).

Lè yo Otorize Moun Itilize yo

Ou ka itilize bouch ensandi yo sèlman ant 7:30 AM epi 7:30 PM.

(kontinye)



Si yon delè diferan nesesè pou pwojè w la, ou dwe mande yon devyasyon. Pou mande yon devyasyon, tanpri bay yon lèt ki gen ladan:

- (1) Yon deskripsyon travay y ap fè a.
- (2) Nouvo delè ou mande a.
- (3) Yon lis prekosyon pou pran pou anpeche nenpòt risk pou sekirite publik, si pwojè a prezante danje.

Tanpri voye lèt devayasyon yo, ansanm avèk aplikasyon w lan, nan QueensPermits@dep.nyc.gov.

Limit Tanperati

Yo entèdi moun itilize bouch ensandi yo lè tanperati deyò a bese rive 32 degré Farennay.

Règ, Règlemantasyon ak Enspeksyon yo

Kòd Vil New York mande pou tout moun ki gen pèmi ki louvri, itilize, epi jere bouch ensandi yo respekte tout règ ak règlemantasyon yo pou pwoteje epi konsève bouch ensandi yo pou asire yo toujou ap fonksyone epi toujou aksesib. Manm komisyon an ka anile yon pèmi si yo pa respekte nenpòt nan tèm ak kondisyon nan pèmi an oswa lalwa. Anplwaye Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection) yo ka enspekte bouch ensandi yo nenpòt lè.

Gade [**Tit 15 nan Règ Vil New York la Chapit 20**](#).

Ou ge kesyon ?

Rele (718) 595-7000



Fason pou Ranpli Aplikasyon pou Pèmi pou Itilize Dlo Bouch Ensandi

Enstriksyon pou Kontraktè ak Bòs Plonbye yo

Tanpri ranpli tout chan ki nan aplikasyon pou pèmi an.

Premye Pati

Tout Non Aplikan an: Se ta dwe non moun ki ap mande pèmi an (sa vle di, pwopriyetè a, kontraktè a, oswa bòs plonbye a).

Chantye/Adrès Lari/Vil/Eta/Kòd Postal/Katye/Pasèl: Chan sa yo gen pou wè ak adrès pwopriyete w ap travay sou li a.

Nimewo Kont CIS: Mete nimewo kont CIS Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York ou genyen kounye a la a.

Nimewo Bouch Ensandi a: Ou kapab jwenn nimewo bouch ensandi a anba bouch ensandi w ap itilize a.

Dezyèm Pati

Tcheke ti kare “Nouvo Bilding (New Building)” lan si w ap ranpli aplikasyon sa a pou nouveau konstriksyon.

Minisipalite/Katye/Pasèl: Li gen pou wè ak adrès pwopriyete w ap travay sou li a.

Non Pwopriyetè a: Mete non pwopriyetè a la a.

Nimewo Kont CIS: Mete nimewo Kont CIS Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York pwopriyetè a la a, si li gen youn. Si li pa genyen, yo pral ba li yon nouveau nimewo.

Nimewo Telefòn/Imèl Pwopriyetè a: Mete enfòmasyon pou pran kontak ak pwopriyetè a la a.

Dat li Kòmanse/Dat li Fini: Se peryòd tan kote ou pral bezwen itilize bouch ensandi a.

Kantite Jou pou Itilize li: Se kantite jou ou pral itilize bouch ensandi a, mwens nenpòt jou ou pa pral itilize li (pa egzanp, jou ferye, jou wikenn, elatriye).

Lè li Kòmanse/Lè li Fini: Se èdtan nan jounen an ou pral itilize bouch ensandi a. (*Gade enfòmasyon ki pi wo yo konsènan èdtan itilizasyon yo otorize yo ak demann devyasyon yo*)

Kantite Jou Sivil: Se kantite total jou sivil yo ansanm kote ou pral bezwen pèmi pou yo a (ki gen ladan nenpòt jou ki pa ladan ou endike).

Jou ki Pa Ladan yo: Endike nenpòt jou nan semèn lan oswa jou ferye ou pa pral itilize bouch ensandi a.

Nati Travay pou yo Fè a: Tanpri dekri rezon ki fè ou pral itilize bouch ensandi a.

RPZ/Modèl/Nimewo Seri: Mete mak, modèl, ak nimewo seri RPZ ou pral itilize a.

Siyati Pwopriyetè/Kontraktè/Bòs Plonbye a: Aplikan an ta dwe siyen pèmi sa a (sa vle di, pwopriyetè, kontraktè, OSWA bòs plonbye).



Adrès Lari/Vil/Eta/Kòd Postal/Nimewo Telefòn/Imèl: Se ta dwe adres kay oswa biznis aplikan an.

Enstriksyon pou Jaden Kominotè ak Pwodiktè Evènman yo

Tanpri note sou aplikasyon pèmi w lan pou ki jaden kominotè w ap aplike.

Tanpri ranpli tout chan sa yo nan aplikasyon pou pèmi an:

- Tout non aplikan an
- Adrès jaden an oswa adres ki dirèktemman devan bouch ensandi a (Premye Pati)
- Dat ou prevwa itilize li (ant 1ye avril ak 30 novanm)
- Èdtan ou prevwa itilize li (ant 7:30 AM ak 7:30 PM.)
- Jou ki pa ladan yo (jou wikenn, jou ferye, elatriye)
- Siyati, adrès, nimewo telefòn, ak imèl aplikan an (anba Dezyèm Pati a)

Si w se yon jaden kominotè, ou pa bezwen ranpli CIS la, nimewo katye, pasèl ak bouch ensandi, oswa kantite total jou yo, si w pa konnen yo.

Èske w gen Kesyon?

Rele nan (718) 595-7000.